

Demen se dènye jou pou moun Florida aplike pou asistans FEMA

Release Date: Janvye 6, 2025

TALLAHASSEE, Fla. – Pwopriyetè kay ak lokatè nan Florid ki te sibi domaj nan siklòn Milton ak/oswa Helene gen sèlman yon jou ki rete pou aplike pou asistans FEMA. Dat limit aplikasyon an se 7 jan. 2025

Kijan Pou W Aplike Pou Asistans Endividyeò FEMA

- Vizite tou nenpòt Sant Rekiperasyon pou Katastwòf pou w enskri pou jwenn asistans. Pou jwenn yon sant ki toupre w, vizite [fema.gov/DRC](#), oswa voye tèks DRC ansanm ak kòd postal ou a nan 43362 (Egzamp: "DRC 32344").
- Rele FEMA nan 800-621-3362. Liy yo louvri chak jou epi èd disponib nan pifò lang. Si w itilize yon sèvis relè, telefòn ki gen soutit loswa lòt sèvis, bay FEMA nimewo w pou sèvis sa a.
- Aplike nan [DisasterAssistance.gov](#).
- Telechaje epi itilize [aplikasyon FEMA](#) .

Pou w ka gade yon video aksesib sou kijan pou w aplike pou asistans ale nan [FEMA Aksesib: Aplike pou Asistans Endividyeò - YouTube](#).

Pwopriyetè kay ak lokatè ki te déjà aplike pou asistans epi ki pa dakò ak desizyon FEMA ka fè apèl nan 60 jou apre dat lèt desizyon an. FEMA ka bezwen plis enfòmasyon pou kontinye trete aplikasyon w lan. Pou aprann plis sou fason pou soumèt yon kontestasyon, ale nan [Kijan pou fè apèl kont Desizyon FEMA | FEMA.gov](#).

Pou jwenn dènye enfòmasyon sou rekiperasyon Siklòn Milton, vizite [fema.gov/disaster/4834](#). Pou jwenn enfòmasyon sou rekiperasyon apre Siklòn Helene, vizite [fema.gov/disaster/4828](#). Pou Siklòn Debby, vizite [fema.gov/disaster/4806](#). Swiv FEMA sou X nan [x.femaregion4](#) oswa sou Facebook nan [facebook.com/fema](#).



FEMA

Page 1 of 1